

**PANGARUH NGAGUNAKEUN MÉTODE STRUKTURAL ANALITIK
SINTETIK (SAS) KALAYAN BANTUAN MÉDIA
FLASHCARD DINA KAMAMPUH
MIMITI MACA DI SAKOLA DASAR**

(Panalungtikan Kuasi Ékspérimén di Kelas II Téma 1 Pangalaman Abdi di Imah
di SDN 042 Gambir Batununggal Kota Bandung Taun Ajaran 2023/2024)

Ku:

**Lilis Komariah
185060011**

RINGKESAN

Panalungtikan ieu dilantarankeun ku rendahna kamampuhan maca mimiti murid kelas II di SDN 042 Gambir. Hal ieu disababkeun ku kagiatan diajar nu masih kénéh berpusat ka guru. Sajaba ti éta, aya ogé faktor tina diri murid sorangan (internal) jeung ti lingkungan sabudeureunana (éksternal). Faktor internal di antarana kurangna minat jeung motivasi maca, kurang konsentrasi jeung perhatian, ogé kasusah dina ngabédakeun huruf jeung nyusun suku kecap. Sedengkeun faktor éksternal bisa asalna tina kurangna bimbingan jeung rojongan ti kolot, kaayaan kulawarga nu teu ngadukung kagiatan maca, ogé métode pangajaran nu kurang luyu. Panalungtikan ieu museur kana ngagunakeun modél pangajaran SAS (Struktural Analitik Sintetik) pikeun ngukur sabaraha gedéna pangaruhna kana kamampuhan maca mimiti murid. Métode panalungtikan nu dipaké nyaéta quasi eksperimen, jeung téhnik ngumpulkeun data ngaliwatan tés, observasi, wawancara, jeung dokumentasi. Sampel diambil maké téhnik purposive sampling, kalayan total 54 murid ti dua kelas: kelas II-B minangka kelas eksperimen jeung kelas II-A minangka kelas kontrol. Hasil panalungtikan nuduhkeun yén rata-rata kamampuhan maca mimiti saméméh perlakuan (*pretest*) nyaéta 49,66 pikeun kelas eksperimen jeung 44,18 pikeun kelas kontrol. Sanggeus dipasih perlakuan (*posttest*), nilai rata-rata kamampuhan maca mimiti naék jadi 87,77 di kelas eksperimen nu ngagunakeun modél SAS dibarengan ku média kartu flashcard, sedengkeun kelas kontrol nu ngagunakeun cara pangajaran konvensional ngahontal nilai 75,48. Dumasar kana hasil uji *effect size*, kapanggih nilai 4,45 nu kaasup kana kategori pangaruh nu luhur. Ku kituna, bisa disimpulkeun yén modél SAS dibarengan ku média kartu flashcard mibanda pangaruh anu signifikan dina ningkatkeun kamampuhan maca mimiti murid kelas II di SDN 042 Gambir.

Kecap Pamageuh: métode sas, kamampuhan maca mimiti, média kartu flashcard, sakola dasar